

NDA

Nòt Devlopman Ayiti

Piblikasyon #4

Desanm 2018

Kreyòl

1 – Ren Kase

2 – Fosfò

3 - Vitamin C

5 – Lam Veritab

7 – Vizyon Biblik

Pou Afè Jesyon Tè

Pibliye pa Agri-Plus

Vizyon Agri-plus se pou nou ankouraje devlopman espirityèl nan legliz yo epi nan kominotè a pandan nou asiste kiltivatè yo itilize pi bon metòd agrikòl ki va pèmèt yo gen lavi an abondans.

Ou ka kontakte nou nan:
haitiagriplus@gmail.com

Ou mèt fè kopi dokiman sa.

Ren Kase (Teschens)

Ekri pa: Dr. Kelly Crowdis

Ren kase se yon maladi ki atake Ayiti depi 2009. Li se yon viris ki fè sèlman kochon yo malad. Depi maladi se yon viris nou vrèman pa ka bay medikaman pou trete'l. Sèl fason pou ede kochon nou se pou anpeche maladi gaye epi bay yo vaksen.

Sin de Ren Kase

Ou ka wè kochon gen fyèv, epi li pa ka mache nan pye dèyè. Kèk fwa li tou jou manje epi bwè dlo men yo pa ka leve, oubyen yo ka mouri nan kèk jou. Se menm maladi sèlman yon ap atake kochon yo pi fò pase lòt. Lap gen fyèv epi li ka tranble men li pa vomi. Selman li pa ka kanpe.

Ki jan pou m' trete ren kase?

Pa gen medikaman ou ka bay pou trete maladi ren kase. Si kochon ou vin malad se sèlman bon swen ak yon manje ki gen bon gou k'ap ede'l geri. Kèk fwa apre kèk jou yo pa leve kochon yo ka montre ou sin gripe oubyen nemoni – veterinè ka bay medikaman pou grip/nemoni men li pap fè anyen pou maladi ren kase.

Ki jan pou m' anpeche ren kase rive nan kochon mwen ?

Pi gwo bagay ou ka fè se limite moun k'ap vin nan kontak ak kochon yo. Sa pou di kochon yo dwe mare nan yon kote oubyen nan yon pak. Se yon sèl moun pou bay yo dlo ak manje. Moun sa yo sipoze pwòpte pye yo avèk dezenfektan avan yo antre epi lè yo sòti nan kochon yo.

Si ou achte yon kochon kenbe li apa de lòt yo pou de (2) semèn pou wè si li pral vin malad.

Se lè plizyè moun pase wè kochon yo oubyen kochon yo pa mare maladi a gaye – li ka rete nan soulye ou yo epi le ou antre kote gen kochon malad kounyeya ou pran maladi nan pye ou, lè ou ale nan kay ou, se ou menm k'ap pote bay kochon pa ou a.

Sèl fason pou anpeche maladi ren kase rive lakay ou se pou bay vaksen. Leta gen yon vaksen. Li mache trè byen – w'ap bay premye piki apre sa yon mwa apre w'ap bay yon dezyèm piki. Depi w bay piki sa yo w'ap anpeche maladi ren kase rive pou en (1) ane. Apre sa ou pral bezwen bay yon piki chak ane.

Manje Pou Plant Yo...Fosfò

Fosfò se youn nan eleman ki pi enpòtan pou plant yo. Annou wè kèk rezon ki fè fosfò gen tout valè sa nan lagrikilti.

- Fosfò jwe yon wòl nan repwodiksyon, sa vle di li patisipe nan ede plant yo fè pitit
- Li ede ti plant piti yo pouse rasin rapid
- Li fè fwi yo mi rapid
- Li bay plant yo rezistans pou yo konbat ak maladi ki konn atake rasin yo
- Yon bon kantite fosfò ka ede nou jwenn yon pi bon rannman
- Fosfò bay bwa ki nan plant yo plis fòs
- Fosfò patisipe nan divizyon sèlil yo (sèlil la se sa ki pi piti nan kò tout plant e bèt vivan), epi li patisipe nan devlopman tisi yo (tisi a se plizyè sèlil ki bay li).

Men kèk siy ki ka fè ou wè si yon tè manke fosfò:

- Tè a asid oubyen bazik. Tè a cho oubyen li frèt (Lè nou di bazik la se tankou yon tè tif oubyen lacho). Anpil tè an Ayiti trè bazik.
- Tè a pa gen anpil fimye ladan l'
- Tè a toujou mouye epi li kenbe dlo
- Tè a gen anpil fè ladan l' ki se yo kò chimik



Youn bannann ki manke fosfò

Nan mòd tè sa yo, ou pa ka gen yon bon sistèm rasinè (sa vle di rasin yo pa ka devlope byen nan tè sa yo). Si ou ta plante pòm-de-tè nan tè sa yo, w'ap wè yo donnen piti. Tout plant ki donnen anba tè yo va pi piti. P'ap gen bon rannman. Epi tou, maladi va tonbe sou yo pi fasil.

Genyen plizyè siy plantè yo dwe veye pou yo ka konnen si pa gen ase fosfò nan tè a.

Tankou si ou gen yon jaden mayi. W'ap wè jenn ti fèy yo gen yon ti koulè mov, epi w'ap wè ti pye ki pi piti yo parèt mov tou. Lè sa, jenn ti pye mayi yo manke grandi epi kè a pa byen vini nonplis.



Mayi ki manke fosfò

Nan jaden pwa yo menm, ou kapab wè yon koulè vèt fonse ki sanble ak yon koulè ble sou fèy yo. Se konsa y'ap parèt si tè a manke fosfò.

Pou pòm-de-tè ki pa jwenn ase fosfò, ou ka remake rasin lateral yo (sa vle di sa ki gaye plis) manke grandi. Nan ka sa, prèske tout rasin yo desann tou dwat anba tè a. Konsa rekòt la diminye epi fwi yo donnen pi piti.

Pou pye sitris yo, si ou vle rekonèt lè yo manke fosfò se nan fèy ki pi granmoun yo ou kapab wè sa. Ou ka remake fèy sa yo parèt yon ti jan jòn. Nan ka ki pi grav yo, ka genyen kèk tach ki gen koulè mawon ki konn sanble ak yon

koulè wouj w'ap wè yo gaye swa nan fant oubyen sou kote fèy yo. Lè ka sa yo prezante, fwi yo vin rèd epi po yo di.

Lè yon plantè ki pa gen bon konprann wè jenn ti plant sa yo mal pou grandi epi fwi yo mal pou mi, yo rete di konsa : “Bagay yo chanje koulye a. Yo pa menm jan ak oparavan.” Sa ka menm rive fè li bliye si l' te li yon atik konsa ki te aprann li rezon ki fè yon plant pran twòp tan pou l' grandi e rive a matirite. Menm lè jaden vwazen an parèt pi anfòm pase jaden moun ki san konprann lan, moun san konprann lan ap toujou jwenn yon eskiz. Se yon fason pou l' defann jaden pa l' la ki pa kanpe sou anyen.

Yon kiltivatè ki gen bon sans ap toujou mande sa k' pase? Li ka menm mande ansyen yo tankou papa l' ak gran paran l' yo si nan tan lontan plant yo te konn pran tout tan sa pou yo grandi, epi tou si rannman an te minim jan sa ye koulye a. Sa ka rive li mande konseye l' vin gade kouman jaden an ye. Kiltivatè a ka menm mande konseye l' si li pa wè plant sa yo manke fosfò oubyen si yo manke yon lòt eleman plant la bezwen. Moun sa a ki gen bon konprann ap chache konnen rezon ki fè plant yo rasi epi potovi (fèb) konsa. L'ap enterese pou konnen si gen yon bagay li ka fè nan ane sa pou ede jaden a nan ane kap vini. Aprè sa l'ap toujou chache yon mwayen pou amelyore pwoblèm fosfò ki gen nan tè a.

Ki pi bon fason ou kapab amelyore kantite fosfò ki nan tè a? Pi bon fason ou kapab rive gen plis fosfò nan tè a se lè ou mete bon kantite dechè bèt. Tout dechè bèt ak fimye ap vin bay fosfò. Konsa plant yo ap kapab jwenn manje pou yo grandi.

Dechè poul se pi bon fimye pou bay plant yo fosfò. Nou dwe gaye dechè bèt yo ak fimye yo byen gaye nan tè a. Pa anpile fimye yo nan ti pil yon sèl kote pandan gen lòt kote ki pa jwenn ditou. Li ta pi bon si ou gaye yo nan tout jaden an. Apre fosfò, tè a kapab jwenn anpil lòt eleman plant la bezwen nan dechè bèt yo. Piga nou bliye yon lòt bagay ankò : fimye a gen ladan l' anpil ti bèt ki rele mikwo-òganis yo ki kapab ede ou bay tè a fòs. Mikwo-òganis sa yo trèz enpòtan pou tè ou a byen vivan!

Si ou pa kapab jwenn dechè bèt, ou ka oblije achte fosfò nan fòm angrè chimik. Men pa bliye, angrè chimik plis detwi mikwo-òganis yo ki nan tè a.

Vitamin C

Se Michael Martin ki adapte enfòmasyon sa.

Nan dènye piblikasyon an, nou te kòmanse pale sou nitrisyon. Nou te pale sou enpòtans vitamin A. Jodi a nou vle pale sou enpòtans Vitamin C. Vitamin C enpòtan anpil pou ede kò nou defann tèt li kont enfèksyon.

Kò nou gen yon sistèm defans ki pwoteje nou kont maladi ak enfèksyon. Vitamin C ranfòse sistèm defans sa pou l' ka pi anfòm. Si yon moun pa manje ase Vitamin C, enben sistèm defans li va fèb epi maladi ak enfèksyon ap fè l' malad byen souvan.

Yon tibebe va jwenn ase vitamin C nan lèt manman l' jiska l' gen sis (6) mwa. Se poutèt sa, li vrèman enpòtan pou nou bay tibebe yo tete. Apre timoun lan gen sis (6) mwa, nou bezwen asire timoun lan jwenn vitamin C

nan manje li chak jou. Kontrèman ak Vitamin A, Vitamin C pa kapab estoke nan kò a, ki vle di nou bezwen jwenn li nan manje nou chak jou.

Ou kapab gade tablo a pou wè fwi ak legim ki genyen plis vitamin C. Nou jwenn seriz nan tèt lis la. Yon ti seriz genyen menm kantite vitamin C ak yon gwo zoranj.

Dezyèm bagay nou jwenn nan lis la se gwayav. Nou wè sa se yon plant ki devlope fasil ann Ayiti, men moun yo pa bay li twòp enpòtan. Li vrèman enpòtan pou chak moun gen plizyè pye gwayav pou timoun yo ka manje gwayav souvan.

Nou jwenn anpil fwi ak legim diferan nan lis la. Li enpòtan pou nou menm ak tout fanmi nou manje nan manje sa yo chak jou pou kò nou ka jwenn Vitamin C.

Li enpòtan pou n' konnen yon fwi oubyen yon legim ka pèdi Vitamin C si l' pran twòp chalè oubyen si l' chita twòp apre ou keyi l'. W'ap jwenn plis vitamin C nan yon bagay ou manje kri ki apenn keyi. Fèt atansyon pou ou pa bouyi legim yo twòp pou yo pa pèdi twòp vitamin C.

Vitamin C se yon vitamin ki kenbe jansiv nou yo an sante. Si nou pa jwenn ase vitamin C sa ka fè jansiv nou yo anfle. Pou evite sa, manje anpil fwi !

Yon bagay ki enteresan se lè kò a jwenn ase vitamin C, sa ede kò a absòbe fè. Si yon moun fè anemi, li bezwen plis vitamin C pou kò a ka ekonomize fè ki nan manje l'ap manje yo.

Li pa twò difisil pou nou asire nou gen plizyè nan plant sa yo nan lakou lakay nou. Pa bliye kò a pa kapab estoke vitamin C, epi konsa se chak jou pou nou jwenn li nan manje nou yo.

Mwen swete nou p'ap fè menm bagay ak moun ki san konprann yo. Yo pran fwi ak legim ki lakay yo epi ki gen bon vitamin C ladan yo, yo vann yo pou lajan. Apre sa yo al achte switi (ji poud) oubyen bwason anbwate ki gen sèlman sik, dlo, ak pwodwi chimik ladan yo...okenn vitamin ! Y'ap vann sa ki bon pou yo ka achte sa ki pa bon.

Kantite Vitamin C ki nan san (100) gram	
Seriz	1678 mg
Gwayav	228 mg
Ten	160 mg
Pwavon (piman dous)	128 mg
Bwokoli	90 mg
Fey vèt fonce	80 mg
Papay	60 mg
Fèy Doliv	52 mg
Epina	50 mg
Zoranj, Chadèk	46 mg
Jòn dèf	43 mg
Patat	37 mg
Kashiman Kanèl (Annona Squamosa)	36 mg
Mi, Miri, Mûre (Morus Nigra)	36 mg
Anana	34 mg
Grenadya	30 mg
Chou	30 mg
Sitwon	30 mg
Mango	28 mg
Karambola	21 mg
Kowosol	20 mg
Manyòk	20 mg
Kashiman kè bèf (Annona Reticulata)	19 mg
Bannann	18 mg
Yam	17 mg
Abriko	14 mg
Tomat	14 mg
Kashiman lachin (Cherimoya)	13 mg
Fèy Patat	11 mg

Lam Veritab-Yon pye bwa enpòtan - Dezyèm Atik

Se *Mike McLaughlin* ki ekri li.

Lam veritab byen popilè ann Ayiti. Non an vle di "bagay la vre!". Premye lam yo ki te rive ann Ayiti 200 ane pase te gen grenn ki gwo epi yo te difisil pou manje. Anpil ane apre sa, yon lòt lam san grenn te rive nan peyi a. Sa te pi bon. Moun te akeyi l' kòm "bagay la vre". Koulye a, gen anpil varyete plant lam veritab tout moun renmen manje. Lam veritab fre se yon aliman ki vrèman dezirab nan mache lokal yo.

Nan premye atik la nan seri sa a, nou te rakonte yon tikras sou istwa lam veritab la, epi nou te mansyone divès metòd pou pwopagasyon. Nan atik sa a, nou vle pale sou kijan moun plante lam veritab epi ki swen pou n' bay pyebwa yo, ak kijan pou nou rekòlte fwi yo.

Fondasyon Pyebwa Ki Nouri se yon òganizasyon ki te kòmanse nan lanne 2008. Li pa gen bi likratif (ki vle di se pa lajan ki objèktif primè li), epi li baze nan peyi Etazini. L'ap travay sitou nan zòn Karayib la. Nou ankouraje moun plante pye bwa ki bay fwi. Se paske pye bwa ki bay fwi nourri moun, yo kreye djòb, epi yo benefisye anviwònman an. Nou menm ki fè pati fondasyon an konn distribye anpil jèn ti pye bwa toupatou sou latè, epi nou montre peyizasyon kijan pou yo plante yo, kijan pou yo pran swen yo, epi kijan pou yo rekòlte fwi yo. Se swa ajans lokal osinon kèk ONG ki konn fè distribisyon sa yo. Yo distribye pye bwa yo bay endividyèl osinon gwoup moun.

Yon sèl pye lam veritab kapab konplete rejim alimantè a pou yon fanmi tout antye. Yon ti kiltivatè ka posede sèlman trant (30) a swasant (60) santyèm tè. Sa sifi pou yo plante plizyè douzèn pye bwa. Lè yon kiltivatè al pran pye bwa lam nan yon pepinyè, pye yo tou piti, pafwa sèlman douz (12) pous wotè. Nan gwosè sa a, yo poko pare pou yo plante nan jaden anba solèy cho. Li pi bon si nou kenbe yo nan lonbray pandan plizyè semèn, jiskaske yo pi gwo e yo ka sipòte pi byen. Pye bwa yo dwe rete toujou byen wouze, men poko mete okenn angrè.

Annatandan, nou ka prepare twou pou n' plante pye yo. Twou kote nou pral plante pye yo enpòtan anpil si nou vle pye a reyisi. Twou sa yo ta dwe genyen omwen vennkat (24) pous dyamèt ak vennkat (24) pous pwofondè (jis nan fon). Nan twou ki pral resevwa jenn pye bwa a, yon melanj bon tè, sab rivyè ak materyèl òganik se ideyal. Gwo tè ajil pa tèlman bon. Touswit apre nou plante yon pye, fòk nou wouze l' anpil. Tè ki alantou ti pye bwa a ta dwe kouvri ak pay, ou byen fèy sèk, pou kenbe imidite a nan tè a



olye pou li evapore nan lè a. Wouze yo chak de (2) jou oswa chak twa (3) jou selon nesese. (Si chalè a fò, yo va merite plis dlo.) Kontinye konsa jouk pyebwa a byen etabli. Ideyalman, nou dwe plante plant yo jis anvan sezon lapli a.

Gen de (2) gwo risk pou jèn pye bwa sa yo. Premye risk la se manke dlo. Yon dezyèm gwo risk se bèt. Kabrit ki lage osinon bèf ki lage toujou renmen goute fèy lam veritab, epi yo ka touye pye bwa a nan yon batje. Pwoteksyon kont bèt ki lage se bagay esansyèl. Fèt atansyon pou ou antoure pye bwa a ak fil fè epi ak poto tout alantou li. Se sa k'ap pi bon.

Lè n'ap plante anpil pye bwa, fòk nou planifye jaden a byen. Gen kèk kiltivatè ki pito plante pye bwa yo nan yon liy ki swiv kloti jaden an. Lòt moun pito yon kalite plantasyon ki melanje. Lòt moun ankò pito yon fòm vèje, oswa fòm kare oswa triyang. Si tè a gen pant, liy yo ta dwe swiv kontou tè a (direksyon pant lan). Pye lam yo ta dwe espase trannsenk (35) pye (10 mè) youn ak lòt. Sa nesese pou limyè solèy la fè travay li ak pou rann rekòt la pi fasil. Yon vèje ka kenbe apeprè san-twa (103) pye bwa pou chak kawo tè, apeprè katreven (80) pou chak ekta tè.

Pyebwa nou plante yo pral grandi rapidman si yo jwenn ase dlo. Apre plant yo byen pran nan jaden an, apeprè de (2) mwa, kiltivatè a ta dwe itilize kèk angrè òganik oswa yon ti kantite angrè chimik.

Premye fwi yo pral donnen nan de (2) ou twa (3) ane. Kantite fwi a ap ogmante chak ane pandan pye bwa a ap grandi. Gen kèk pye bwa ki pwodwi plis pase 400 fwi chak ane. An jeneral, yo donnen nan de (2) sezon : youn nan mwa jiyè (li ka jen osinon out tou) epi yon lòt ankò nan mwa desanm.

Lè pye bwa a kòmanse grandi anpil, nou dwe koupe tè li. Si nou pa koupe tè pye bwa yo, y'ap grandi twò wo konsa l'ap difisil pou n' rekòlte fwi yo. Wotè ideyal pou yon pye lam se ven (20) a vennsenk (25) pye.

Konsa, kilè nou dwe keyi fwi yo? Nan kèk peyi yo keyi fwi yo tou vèt epi yo trete yo. Sepandan, nan lòt peyi yo renmen kite fwi a mi anpil. Fwi ki pa mi yo, yo rich nan lanmidon ak latèks. Fwi ki mi anpil yo pi mou epi yo pi dous. Nan Karayib la, pifò moun renmen lè fwi yo "anfòm", oswa lè yo jis pare pou boukannen. Ki jan pou n' konnen si fwi yo pare? Se lè l' konmanse swè yon ti likid blanch tankou jan ou wè l' nan foto a. Yon gwo lam ka peze sis (6) liv oswa plis, epi li ka pran inèdtan pou li boukannen! Men, li vo lapenn pou n' rete tann! Lam veritab fre gen bon gou anpil, epi li chaje nitrisyon.

Nan pwochen atik la, nou pral gade plizyè pwodwi transfòmasyon nou ka fè ak lam veritab. Nou pral wè ki jan yo pwodwi bagay sa yo. N'ap aprann ki jan y'ap itilize fwi sa a pou nouri timoun lekòl ansanm ak maladi ki kouche lopital, ansanm ak moun ki al manje nan restoran.



Youn lam ki mi

Yon bon vizyon pou chanje kijan moun travay tè oblije kòmanse avèk Bondye. Se dezi kè Li pou latè toujou pwodwi pwovizyon nan abondans, epi pou latè toujou beni pèp Li a.

Fòk nou devlope yon bon vizyon bibliik pou afè jesyon tè. Se yon bezwen ki ijan. Enben, pi bon kote nou kapab kòmanse se nan kòmansman an, kote Bondye te kreye tout bagay. Ann egzaminen kisa Bondye te kreye. Lè n' gade istwa kreyasyon an nan Jenèz chapit premye, nou wè bèl bagay. Latè te ranpli avèk lavi nan abondans. Dlo yo te chaje pwason. Syèl la te genyen zwazo. Tè a te kouvri ak plant epi bèt. Nou wè se te plan Bondye pou tout kreyasyon an debòde ak lavi konsa. Lavi fè wè majeste ak glwa Bondye menm. Apre Bondye te fini travay la, Li te reflechi sou sa Li te gentan kreye. Li te kontan nèt ak sa Li te wè. Kreyasyon an, jan Bondye te fè li, se te yon reyalyte abondans li te ye, epi abondans sa yo se te yon sijè kontantman pou Bondye ki te kreye l' la.

« Bondye di : Se pou tè a pouse tout kalite plant : zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Se konsa sa te pase. ¹²Tè a pouse tout kalite plant : zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Bondye gade sa L' te fè a, Li wè l' bon » (Jenèz 1.11–12).

« Bondye di ankò : Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan. Se pou zwazo vole nan syèl la anwo tè a. Se konsa sa te pase. Bondye kreye gwo bèt lanmè yo, tout kalite bèt vivan k'ap naje nan dlo ansanm ak tout kalite zwazo. Bondye gade sa L' te fè a, Li wè l' bon. Bondye beni yo, Li di : Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tout sou tè a » (Jenèz 1.20–22).

« Bondye gade sa L' te fè a, Li wè l' bon nèt » (Jenèz 1.31).

Lè nou avanse nan Jenèz chapit 2, nou wè prèske menm bagay la. Men, koulye a vin genyen yon bagay ki parèt pi klè konsènan entansyon Bondye te genyen pou lòm. Adan ak Ev te sipoze ap jwi yon lavi kote yo te konekte ak tè a. Yo te pwòch ak tè a menm. Bondye te mete yo nan yon jaden mèveye ki te ranpli ak tout kalite pyebwa. Bib la detaye byen klè ki reskonsabilite Adan ak Ev te genyen pou okipe paradi sa a. Yo te genyen privilèj pou yo jwi bon fwi kreyasyon an, epi yo t'ap jwi yon relasyon ak Bondye Kreyatè a ki te rich epi ki te abondan tou. Jaden Edenn lan, jan Bondye te fè l' la, se te yon kote ki te debòde ak pwovizyon, ni pwovizyon fizik ni pwovizyon espirityèl.

« Senyè a, Bondye a, plante yon jaden yon kote yo rele Edenn, bò kote solèy leve a. Se la Li mete nonm Li te fè a. ⁹Senyè a, Bondye a, te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an, bèl pyebwa ki donnen fwi ki bon pou manje. Nan mitan jaden an te gen de (2) gwo pyebwa. Yonn se te pyebwa ki bay lavi a, lòt la se te pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. ¹⁰Yon gwo larivyè sòti nan peyi Edenn... » (Jenèz 2.8–10).

« Senyè a, Bondye a, pran nonm lan, Li mete l' nan jaden Edenn lan pou l' travay li, pou l' pran swen l' » (Jenèz 2.15).

Istwa bèlte ak abondans sa yo pa t' fini nan Jaden Edenn lan, malgre te genyen gwo chanjman konsekan ki te reyalyze lè Adan ak Ev te fè rebelyon kont Bondye. Se deyò Bondye te mete yo deyò nan jaden an. Men, nou twouve menm tèm abondans lan pi devan nan Ansyen Kontra a lè nou gade istwa Bondye ak Abraram. Li te fè yon kontra. Lè sa a, Bondye te pwoche bò kote Abraram pou di Li konsa : *« Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou...ale nan peyi M'a moutre ou la. ²M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon. M'a beni ou. Y'a nonmen non ou toupatou ; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun...³Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon » (Jenèz 12.1–3).*

Kontra Bondye te pase avèk Abraram lan tapral mennen pi gran benediksyon an lòm te janm resevwa. Sa te reyalyze lè Jezi Kris te fèt. Se te nan mitan ras Abraram lan Li te fèt. Men, sa se te yon pati nan benediksyon an sèlman. Se te yon pati nan kontra a. Te genyen yon lòt eleman ankò ki te enpòtan tou. Lontan anvan Kris te vini, nasyon an ki sòti nan ras Abraram lan tapral resevwa yon gwo kado--yon peyi Bondye te pwomèt yo a. Nan Egzòd chapit 3 nou twouve yon deskripsyon remakab ki ede nou santi kijan peyi espesyal sa a te ye. Se te : *« yon gwo peyi ki gen bon tè, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo » (v. 8).* Pi devan, nan Nonb 14.7, apre Jozye ak Kalèb te vizite tè a, yo te bay rapò sa a : *« Peyi nou te al vizite a se yon bon bon peyi. »*

Ann pran yon ti moman pou n' kontanple pawòl sa yo. Genyen yon bagay la a nou tout kapab dakò : Si yon jou, rivyè ki pi pre lakay ou a te koule lèt osinon siwo myèl nan plas dlo a, jou sa a ta yon jou ki t'ap ekri nan istwa. Sa ta yon bagay

moun pa t'ap janm bliye. Fòk nou di ou, Jozye ak Kalèb pa t' wè rivyè kote se lèt ki te ranplase dlo a. Yo pa t' wè rivyè siwo myèl. Men, kanmenm, rapò yo te bay la te konfime sa Bondye te gentan di sou peyi a. Se te yon bon bon peyi li te ye. Imaj lèt la ak siwo myèl se yon imaj moun rekonèt toupatou sou latè. Moun ki pa konnen anyen ditou nan Bib la kapab konnen fraz la : « lèt ak siwo myèl koule tankou dlo ». Se yon bèl imaj devan je nou ! Bondye te vle beni moun Izrayèl yo, epi imaj abondans sa a se yon imaj ki pa ta ka pi klè pou nou.

Men, genyen yon kondisyon. Abondans konsa pa vini san pri epi san responsabilite. Li kanpe sou obeyisans devan Sila ki te kreye benediksyon yo epi ki te mete benediksyon yo disponib. Nan Detewonòm 8 epi 11, enstriksyon Bondye bay yo byen klè.

« Se poutèt sa, toujou kenbe tout lòd Senyè a, Bondye nou an, ban nou pou nou ka mennen bak nou dwat nan chemen Li mete devan nou yo, lèfini pou nou toujou gen krentif pou Li. ⁷Men, Senyè a, Bondye nou an, ap mennen nou nan yon bèl peyi, yon peyi kote ki gen anpil rivyè, anpil sous dlo, anpil dlo anba tè k'ap pete nan fon yo ak sou flan mòn yo, ⁸yon peyi kote ki gen ble, lòj, rezen, pye fig Frans, grenad, oliv ak siwo myèl, ⁹yon peyi kote nou p'ap janm manke manje... ¹⁰Men, lè n'a fin manje plen vant nou, n'a fè lwanj Senyè a, Bondye nou an, pou bon peyi Li te ban nou an. ¹¹Veye kò nou pou nou pa janm bliye Senyè a, Bondye nou an, pou nou pa janm neglije kòmandman, lòd ak prensip m'ap ban nou jodi a » (Detewonòm 8.6–11).

« Nou mèt sèten, si nou mache dapre kòmandman mwen ban nou jodi a, si nou renmen Senyè a, Bondye nou an, si nou sèvi L' ak tout kè nou ak tout nanm nou, M'a voye lapli sou tè nou lè n'a bezwen l', M'a bay lapli nan sezon plante ak nan sezon rekòt pou nou ka gen anpil manje, anpil diven ak anpil lwil. M'a fè anpil zèb pouse nan savann nou yo pou bèt nou manje. Konsa, n'a jwenn manje pou nou manje plen vant nou » (Detewonòm 11.13–15).

Selon pasaj sa yo, ki leson nou kapab tire pou ede nou travay tè a ? Enben, sa nou wè nan pasaj sa yo se yon bon imaj sa yo rele abondans...abondans nan kreyasyon an, nan Jaden Edenn lan, epi nan peyi Bondye te pwomèt moun Li yo toutotan yo te rete fidèl devan Li. Premye leson nou kapab tire a se : nou menm ki kreyen dwe kenbe imaj sa yo toujou devan je nou kòm de (2) poto kan ki va pèmèt nou wè kote nou prale pandan n'ap eseye travay tè selon Bib la. Se Bondye ki ban nou imaj sa yo. Yo dwe rete devan je nou kòm egzant. Nan yon mond kote abondans tè a ap diminye jou an jou, pèp Bondye a ta sipoze ap travay pou restore abondans lan.

Lè n' gade mòn yo, epi nou wè pyebwa ki gentan koupe san pèsonn pa plante lòt, nou dwe genyen yon vizyon pou n' replante yo ankò. Lè n' gade rivyè yo, epi nou wè yo chaje ak tè epi sal ak pwodwi chimik ki rann dlo a pa bon ni pou pwason ni pou moun, nou dwe genyen yon vizyon pou n' wè rivyè sa yo koule byen pwòp ankò. Lè nou gade jaden nou yo ki te konn pwodwi plis, epi lè nou egzaminen sòl nou yo pou wè pifò nan bon tè yo gentan ale nan lanmè, nou dwe genyen yon vizyon pou n' restore bon tè fèt il la ankò.

Dezyèm leson an gen menm enpòtans ak premye a. Men li : pandan vizyon nou an pou travay tè ap devlope, fòk nou rann kont n'ap viv nan mitan lemonn ; fòk nou konprann ki wòl nou jwe nan lemonn pou sa toujou pèmèt nou idantifye kèk fason byen espesifik nou kapab montre lemonn ki angajman nou genyen pou onore Bondye nan jan nou travay tè. Lè n' byen sezi wòl nou nan lemonn, sa chanje kijan nou panse, ki atitud nou genyen, epi kisa nou fè pratikman avèk tè kote nou ye a. Dèske nou ap jwe wòl 'kreyen' nan lemonn, sa va yon glwa pou Bondye. Sa va pote espwa pou pòv yo. Epi, tou sa fèt pandan n'ap fè jaden.

Twazyèm leson an se : pandan n'ap mache annavan nan pwosesis sa a, nou dwe toujou prèt pou tounen vin jwenn Bondye, epi fòk nou kiltive yon relasyon pwòch ak Bondye kote n'ap priye toutan. Fòk nou dakò tè nou yo ki pa fèt il epi afè ewozyon se pwoblèm nou te chache bay tè nou. Se neglijan nou ki mennen nou la a. Nou pa ka lage chaj la sou do Bondye. Pwoblèm ki devan nou yo sòti nan nou. Bondye te byen kreye tout bagay ak bèlte epi ak abondans. Vizyon nou an dwe kòmanse ak Bondye. Koulye a, kòm vèsò ki kraze, nou toujou gen tandans egare tanzantan. Nou fè erè, epi konsa fòk nou toujou lage nou nan pye Bondye pandan n'ap eseye viv vizyon an.

Leson sa sòti nan liv "Travay Tè Yon Jan Ki Bay Bondye Glwa Epi Ki Ofri Pòv Yo Espwa" ki ekri pa Craig Sorley